

# KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

JANVYE 2018

Volim 10, NIMEWO 39

SA KI LADAN:

- "Everybody Mentors" (Tout Moun Ka Bay Konsèy)
- Ekspozisyon STEAM
- Fwa Kolèj Nasyonal

PWOGRAM POU TIMOUN ANBAZAJ... KOTE APRANTISAJ KÒMANSE

## PREPARE W, ALE, ENSKRI!



[earlychildhood.dadeschools.net](http://earlychildhood.dadeschools.net)



Lekol Leta Miami-Dade County ap enskri kounye a timoun laj 3 ak 4 ane.

Pou konnen ki lekòl leta ki pi pre ou rele 305-995-7632.



### TO GRADYASYON M-DCPS KONTINYE AP MONTE, BAT NOUVO REKÒ

To gradyasyon "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) monte yon fwa ankò a 80.7 pousan pou ane akademik 2016-2017 la. Pousantaj sa a make pi gwo to pousantaj M-DCPS akonpli depi Depatman Edikasyon Florid te kòmanse dokimante estatistik gradyasyon yo avèk metòd modèn nan ane 1990 yo. To gradyasyon an te ogmante malgre pati evalyasyon Estanda Florid Lekti/Redaksyon 10yèm Ane Eskolè a vin pi rijid.



Pousantaj gradyasyon distri a te ogmante de 22 pousan soti 58.7 pousan an 2006-2007 jiska 80.7 pousan

an 2016-17, e si yo retire done lekòl charter yo, to gradyasyon an ap 84.2.

### DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

2 fevriye - Jounen pou Mennen Pitit Fi n al Pitit Gason nou nan Travay  
15 fevriye - Jounen lekòl regilye (avan sa li te yon Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon)  
19 fevriye - Tout Prezidan (All Presidents' Day)

### REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

**21 Fevriye**

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

**21 Mas**

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

**25 Avril**

10:00 dimaten  
Sesyon Konferans:  
Zòn Prezans pou  
2018-2019

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye;  
Lekti Inisyal – Zòn  
Prezans pou 2018/2019

## PREPARASYON TAKS GRATIS



## 'United Way Miami' Ofri Fanmi Asistans Taks Gratis

Fanmi k ap travay yo bezwen yon fason ki gen sekirite, gratis pou yo ka ranpli taks yo kòrèkteman, reklame tout kredi taks yo e resevwa maksimòm ranbousman yo. IRS estime 80 pousan moun ki ap ranpli taks nan Miami-Dade kapab kalifye pou sèvis preparasyon taks gratis nan andwa yo ofri sèvis Asistans Taks sou Revni Gratis. Ane pase, prèske 10,000 fanmi te resevwa sèvis preparasyon taks gratis e yo te resevwa ranbousman taks \$12.9 milyon atravè Pwogram VITA a. Pou plis enfòmasyon, silvouplè rele 2-1-1 oubyen vizite

[www.miamifreetaxes.org](http://www.miamifreetaxes.org).

## TOUT MOUN KA BAY KONSÈY!



Bay konsèy ofri yon opòtinite pou gason ak fi tounen adilt ki se modèl pozitif nan lavi yon timoun. Yon konsèy se yon moun ki sensèman kontan wè timoun nan chak fwa yo rankontre, yon moun ki agreyabman pozitif, yon moun ki ka yon obsèvatè objektif, ki ankourajan, yon konpayon ki enteresan, yon moun ki konn koute. Konsèy yo ka ede yon adolesan wè yon vè mwaye ranpli olye li wè l mwaye vid, e lè l investi omwen inèdtan nan semèn nan, li bay yon timoun mesaj ki fè l konnen li enpòtan.

Lidè biznis Humberto Comellas te konsèy twa

**Avèk èd yon konsèy,  
jèn ki an danje yo gen 55  
pousan plis chans pou yo  
pousuiv edikasyon apre  
lekòl segondè.**

timoun ki soti nan Lekòl Segondè Hialeah-Miami Lakes. Li renmen bay konsèy paske li kapab ede jèn yo wè pi lwen pase defi ki anfas yo e atenn tout potansyèl yo. Li devlope relasyon avèk yo e li la pou yo pandan y ap grandi pou vin adilt. Li ankouraje konsèy parèy li yo pou yo egzèse pasyans avèk elèv y ap bay konsèy yo. Anpil elèv ap rankontre difikilte chak jou e pakonsekan, yo ka trè pridan.

Sa pran tan pou w devlope bonjan relasyon avèk elèv e kaze baryè ki devan yo pou ede yo reyisi. Tout elèv pa menm; yo gen diferan bezwen. Gen elèv ki bezwen sipò ak ankadreman nan men konsèy yo, pandan gen lòt ki sèlman bezwen yon moun pou yo pale.

Ki moun ki te konsèy ki moun? Dèyè chak elèv ki gradye gen yon "Antrenè" ki te ede l fè siksè. Ou pare pou w fè yon diferans? Chèche konnen kijan lè w vizite <https://www.engagemiamidade.net/>

## APRANN NAN MEN INOVATÈ YO NAN EKSPOZISYON STEAM NAN



Fiti inovatè yo gen opòtinite pou yo montre ladrès yo ane sa a nan Ekspozisyon STEAM nan, ki pwograme pou 10 fevriye nan Miami-Dade College.

Ekspozisyon sa a se yon evènman STEAM kle nan Miami-Dade County. Li ofri yon ekselan opòtinite pou elèv demontre fwi travay di yo fè nan domèn Syans, Teknoloji, Ar, Jeni ak Matematik. Ekspozisyon STEAM nan pwomote yon bon nivo konpetisyon ki pèmèt elèv mezire yo avèk elèv ki pi briyan atravè kominote a. Nou envite piblik la pou l patisipe e sipòte pwochen jenerasyon envantè, eksploratè, inovatè, atis ak lidè yo.

Pou plis enfòmasyon, vizite <http://stem.dadeschools.net/>.

## FWA KOLÈJ NASYONAL LA AP VIN MIAMI 25 FEVRIYE 2018

Reprezantan k ap soti nan prèske 200 kolèj ak inivèsite ap nan Fwa Kolèj Nasyonal 2018 Miami an – dimanch 25 fevriye 2018, pou rankontre elèv ak paran sou sijè tankou èd finansye, planifikasyon pou kolèj, admisyon, ak kondisyon pou pran egzamen.

Fwa a, ki gratis, ap fèt soti midi pou 4è nan aprèmidi, nan DoubleTree Miami Mart Airport Hotel & Convention Center, 777 N.W. 72nd Ave., Miami, FL 33126. Pakin se \$5, lajan kach sèlman.

Yo ap prezante sesyon enfòmasyon yo ann Espayòl e an Kreyòl. Gen yon Sant Konseye ki ap disponib pou pèmèt elèv ak paran yo jwenn opòtinite pou pale



avèk pwofesyonèl ki gen fòmasyon nan preparasyon, admisyon ak bousdetid pou kolèj.

Mande enfòmasyon nan divès kolèj/inivèsite nan Fwa Kolèj la fasil. Lè elèv enskri davans, yo ka enprime yon konfimasyon ki kode y ap ka itilize nan Fwa a kòm yon idantifikasyon elektwonik.

Elèv ka enskri davans nan [www.gotomyncf.com](http://www.gotomyncf.com).

Pou plis enfòmasyon, kontakte liy enfòmasyon pou Fwa Kolèj la nan 305-995-1739 oubyen vizite [www.nacacnet.org](http://www.nacacnet.org). Suiv evènman an nan #collegefairmiami.

'King Carter Academy of Trade & Logistic' nan Lekol Segondè Miami Northwestern te ouvè pòt li nan kòmansman ane sa a. Inisyativ sa a te posib gras ak yon donasyon yon moun ki pa bay non l e ki gen bon kè te fè nan memwa King Carter, elèv Lekol Elemantè Van E. Blanton ki te gen sizan ki enspire fyète e pwofon respè lakay tout moun ki te konnen l e ki te renmen l.

## RETE ANSANTE!



Fason w ka ede nan anpeche grip la gaye:

- Evite kontak sere avèk moun ki malad.
- Kouvri bouch ou ak nen ou lè w ap touse oubyen estènye.
- Lave men w souvan.
- Evite touche zye w, nen w ak bouch ou. Ou ka pran jèm nan fason sa a tou.
- Netwaye e dezenfekte sifas ak objè ki solid e ki ka kontamine avèk jèm.

## AKADEMI 'KING CARTER GLOBAL TRADE & LOGISTIC'



## KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Premyèman: Ede pitit ou fè zanmi.

Dezyèmman: Nouvo teknik pou revize ladrès matematik

Pou plis resous, vizite

<https://www.engagemiamidade.net/e-tips-for-parents>



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)

## MEDYA SOSYAL



@MDCPS  
@MiamiSup



MiamiSchools  
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekol Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

## Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann  
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann  
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall  
Susie V. Castillo  
Doktè Lawrence S. Feldman  
Doktè Steve Gallon III  
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez  
Mari Tere Rojas  
Alberto M. Carvalho  
Sipèntandan Lekòl yo

Bryce Febres  
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

## Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego  
Ofisye Anchèf Kominikasyon